

## ANGKA 7 ANGKA SAKRAL?

Dening H. Suwarna Pringgawidagda

Menapa leres angka 7 menika angka sakral? Sakral menika kados pundi? Menika pamanggihipun sinten? Sedaya pitaken kalawau limrah awit tembung sakral sarta angka 7 menika ndudut rasa cubriya. Ingkang ndudut pitakenan, sakral menika nuwuuhaken raos ingkang tumuju dhateng kapitadosan, wingit, sok ngajrih-ajrihi, gadhah makna ingkang tartamtu, malati, utawi malah maknani dhateng kasaenan. Dene sedaya wau kok tumuju dhumateng angka 7. Bab kesakralan menika manut tiyang Jawi adhedhasar ngelmu titen. Tiyang Jawi menika menawi nyebat angka kathah-kathahipun angka 7 boten 1, 2, 3, 8, 9 utawi 10. Cobi kagatosna sesebatan ingkang mawi angka 7 andharan ngandhap menika.

*Saptawara*, menika namaning dinten inggih menika radite, soma, anggara, respati, buda, sukra, tumpak utawi ngad, senen, selasa, rebu, kemis, jemuah, setu. Ngantos samenika saptawara taksih kaagem tumrap tiyang Jawi. Kajawi saptawara, ugi wonten pancawara. Pancawara menika gandhenganipun kalaiyan saptawara. Pancawara inggih menika dinten pekenan: manis, jenar, palguna, cemengan, kasih utawi legi, paing, pon, wage, kliwon. Saptawara menika seminggu, pancawara menika sepeken. Yen kagerba wonten dinten pitu pekenan gangsal, mila lajeng tuwuh dintendinten ingkang kaanggep sakral upaminipun: anggara kasih (selasa kliwon).

*Saptapretala*, wonten ing cariyo pewayangan, menika kratonipun Bathara Hananta Boga. Sebatan kalawau inggih namung saptapretala utawi bumi sap (lapis) pitu, nanging boten kacariyosakan utawi kasebataken sap/lapis ingkang sepisan ngantos kaenem. Ing cariyo Adiparwa (parwa ingkang sepisan ing Mahabaratha) wonten naga ingkang namanipun Jaratkaru. Naga Jaratkaru ngulandara wonten ing salebetung bumi. Naga Jaratkaru prasapa menawi boten badhe jatukrama menawi boten kaliyan naga ingkang namanipun sami inggih menika Jaratkaru. Wonten ing saptapretala menika naga Jaratkaru jaler pinanggih jodho nun inggih naga Jaratkaru setri. Menawi saptapretala menika mangandhap, ingkang manginggil ugi wonten sebatanipun inggih menika *langit sap pitu*. *Saptarengga*, taksih ing donyaning pewayangan. Pretapan saptarengga sinebat ugi Pratapan Wukiratawu (?: mugi boten klenlu) papanipun Begawan Wiyasa (Abiyasa). Menika papan kange puruita para satriya ingkang ngudi kautamaning ngelmu guna kasantikan.

*Turun pitu*, menika tumraping tiyang Jawi, upaminipun wonten ingkang ngunandika, “*O... bandhane kae dipangana turun pitu/pitung turunan ora bakal entek*”. Menika kange ngimbakaken/ngibarataken saking kathahipun bandha utawi kasugihan. Trahing Jawi pancen wonten pitu inggih menika (1) anak, (2) putu, (3) wayah, (4) canggah, (5) wareng, (6) udheg-udheg/gantung siwur, (7) debog bosok. Nanging samenika yuswa tumrap trah menika limrahipun namung dumugi wayah. Sanadyan bokmenawi wonten ingkang dumugi canggah saha wareng nanging sampun janma pinilih (awis-awis).

*Toya tuk pitu*, toya kange siraman ing tingkeban menika toya ingkang timbul saking tuk pitu trep kaliyan umuripun kandhutan. Kajawi toya tuk pitu pirantinipun inggih limrah gunggung pitu, upamnipun calon ibu nyampingan kaping 7, piranti tumpeng damar 7, endhog penyon 7, tumpeng megana 7, anggenipun nyirami calon ibu kaping 7, pring sedhapur 7, lsp. Sedaya wau ingadicara tingkeban. Malah saking sakralipun (nanging salah kaprah) siraman calon penganten ugi toya saking pitung sumber.

*Tingkeban wulan kapitu*, kalamun calon ibu nggerbini sepisan sampun 7 wulan, tiyang Jawi nindakaken adicara mitoni (wis pitung sasi mbobot) utawa tingkeban. Adicara tingkeban kawitan nalika Jaman Prabu Jayabaya ing Kedhiri jumeneng nata. Ingkang putra putri Dewi Paningkeb sampun mbobot wongsal-wangsul nanging tansah meskram (cabar/keguguran). Lajeng dipunwontenaken adicara tingkeban nalika Dewi Paningkeb ngandhut umur 7 wulan. Awit saking kersaning Pangeran, rahayu widada nggenya nggarbini lahir slamet ponang jabang bayi. Tradhisi tingkeban lestari ngantos samenika.

*Ingkang nyirami calon ibu utawi calon penganten cacah pitu*, ancasipun (1) calon ibu/calon penganten sageda tansah pikantuk **pitulungan**, pitulungan saking Gusti Allah saha pitulunganing manungsa. Ugi tembe supados remen tetulung, menika tindak utama, (2) cacah pitu trep kaliyan gunggunging dinten (saptawara) amrih sadhengah dinten tansah pinaringan slamet rahayu awit saking sihing Pangerann, (3) Gusti Allah remen remen wilangan ingkang ganjil.

*Keblat pitu*, manut kapitadosan Jawi keblat menika wonten pitu inggih menika wetan-kulon, elor-kidul, ngisor-dhuwur, lan puser/pancer. Siraman calon ibu/calon penganten ugi gadhah pangajab sadhengah papan ingkang kaambah wonten keblat pitu mugi tansah pinaringan keslametan. Elok utawi hebat! Ing jaman para winasis rumiyin nalika mastani keblat bokmenawi dereng wonten *motor mabur, kapal selam, sepur bawah tanah*, nanging sedaya kalawau sampun “karamal” bilih ing satunggaling wekdal tiyang menika badhe ngambah ing nginggil (kanthi nitih montor mabur), badhe ngambah ing ngandhap (bokmenawi kadumugen nitih kereta api bawah tanah kados ing Jepang, kereta ing salebeteng trowongan). Dados laku jantraning tiyang sampun dipunpenggalih tumuju ing keblat pitu, bilih boten namung ngalor-ngidul, ngetanngilen, nanging inggih minggah-mandhap, sarta pancer ing bumi papanipun lenggah (griyanipun). Sadhengah papan keblat ingkang karambah sageda slamet, rahayu, kalis sambekala awit ridlaning Pangeran marma sampun ngantos kendhat ing panuwun.

*Widodari pitu cacache* wonten ing adicara midodareni calon penganten. Tumuruning kembar mayang utawi wahyu sajodho kairing widodari pitu cacahipun inggih menika Bathari Iring-iring, Bathari Tunjung Biru, Bathari Warsiki, Bathari Lengleng Sari, Bathari Lengleng Mandhani, Bathari Gagar Mayang, miyah Bathari Prabasiwi. *Kembar mayang ingkang sumandhing mring calon pengantin putri kinarya lelengen. Dhasar penganten putri sulistya ing warna pindhane kaya widodari. Upamane widodari sakethi kurang sawiji jangkepe risang calon penganten putri.*

Drs. H. Suwarna Pringgawidagda, M.Pd.  
Dosen FBS, UNY  
Praktisi MC/Pranata Adicara